

# BAB I

## BUBUKA

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Masyarakat Sunda miboga réa produk kabudayaan, salasahijina dina wangun sastra. Isnendes (2010, kc.15), nétélakeun yén sastra minangka pakakas enggoning miara tradisi jeung ngahirup-huripkeun deui budaya anu kungsi aya di jaman baheula. Sagala hal anu kungsi kaalaman bisa dijadikeun pieunteungeun ku anu maca pikeun kahirupan ayeuna tur jadi pibekeleun dina kahirupan satuluyna. Sastra anu sumebar di Tatar Sunda, aya dina wangun lisan jeung tinulis. Sastra dina wangun tinulis salasahijina nyaéta naskah. Naskah nurutkeun Suryani (2012, kc. 47), nyaéta téks anu nunda réa pamikiran jeung pangrasa hasil budaya mangsa heubeul. Minangka titinggal budaya, eusi naskah euyeub pisan ku rupaning informasi di antarana ngeunaan sistem kahirupan, kaagamaan, politik, budaya, basa, kasenian, sajarah, jsb.

Dina kahirupan masyarakat di Jawa Barat utamana masyarakat Sunda, geus wanoh kana tradisi tulis ti pertengahan abad ka-5 M, sedengkeun naskah anu ngagunakeun basa Sunda mimiti ditulis dina abad ka-15 ngagunakeun aksara Sunda Kuna. Naskah anu ditulis ku aksara Sunda Kuna téh ukur bisa dibaca ku sababaraha urang lantaran aksarana anu geus teu dipikaharti jaman ayeuna (Ruhaliah, 2017, kc. 8). Sapanjang sajarah kamekaranna, masyarakat Sunda geus ngagunakeun rupaning aksara pikeun nulis naskah saperti; Palawa, Arab, Sunda Kuna, Jawa Kuna, jeung Latén. Hurup anu digunakeun dina naskah boga peran anu kawilang penting dina gelarna naskah-naskah Sunda di Nusantara hususna di masyarakat Sunda (Ekadjati, 1988, kc. 1).

Salaku dokumén anu ngarékam kabudayaan, naskah tangtu aya mangpaatna dina sagala aspék kahirupan. Naskah Sunda ditulis dina rupa-rupa karangan kayaning prosa, prosa berirama, puisi, jeung drama. Salian ti ngagunakeun aksara

daérah, katompérnakeun réa naskah anu ditulis ngagunakeun aksara Arab anu geus diluyukeun pikeun kaperluan nuliskeun basa anu tangtu di unggal daérah. Di tatar Sunda, aksara Arab disebut ogé aksara Arab Pégon (Mulyadi, 1991, kc. 15). Tina jihad basa, naskah biasana ngagunakeun basa daérah séwang-séwangan. Sok sanajan aya sababaraha naskah anu ngagunakeun basa ti daérah anu kungsi aya patalina jeung daérah gelarna naskah.

Waktu naskah ditalungtik, sajarah jeung kabudayaan hiji séké sélér bisa katitén. Naskah anu ngagunakeun basa anu geus teu dipikawanoh ku masarakat téh bisa kaguar mangpaatna upama aya anu nalungtik. Kiwari geus aya paélmuan anu husus ngaguar ngeunaan naskah nyaéta filologi. Nurutkeun Ruhaliah (2020, kc. 1), filologi nyaéta élmu pangaweruh anu patali jeung studi téks sastra atawa budaya, ogé patali jeung kasang tukang budaya anu aya dina téks. Luyu jeung kamandang Badruzaman & Kosasih (2018, kc. 3), yén filologi nyaéta paélmuan anu raket patalina jeung kahirupan jaman baheula. Filologi miboga ambahan gawé dina nalungtik karya sastra heubeul anu aya dina naskah, boh ngeunaan pangaweruh, paélmuan, sistem kaagamaan, sistem organisasi masarakat, jeung réa-réa deui. Bisa jadi hal-hal anu aya sajeroning naskah masih rélevan pikeun dilarapkeun dina kahirupan ayeuna.

Filologi ngaguar naskah dumasar kana aspék fisik jeung eusi anu nyangkaruk di sajeroning naskah. Filologi mibanda sababaraha runtuyan dina panalungtikanna, salasihijina nyaéta transliterasi. Transliterasi nyaéta prosés ngaganti aksara anu aya dina naskah ku aksara anu leuwih dipikaharti ku masarakat (Barried, 1985, kc. 65). Ngaliwatan prosés transliterasi, dipiharep eusi naskah bisa kaguar tur bisa dibaca ku saha baé. Hasil tina panalungtikan filologi téh bisa mikanyaho kasang tukang, sajarah, tur fungsi hiji budaya dina kahirupan sapopoé. Teu saeutik naskah anu eusina ngaguar ngeunaan hiji budaya atawa ritual anu ilahar dilakukeun ku masarakat boh ti jaman baheula nepi ka ayeuna. Ilaharna, eusi naskah ngaguar ngeunaan informasi ngeunaan hiji widang anu tangtu. Upamana baé fungsi pikeun mikaweruh kaagamaan, pituduh pikeun milampah hiji pagawéan, ritual, prak-prakan hiji budaya jeung réa deui. Ku kituna, dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan transliterasi jeung talaah fungsi dina téks *Punika Paragi Ngaruwat*.

Kurangna kasadaran masarakat ngeunaan naskah anu aya di sabudeureunana, ngabalukarkeun naskah teu kapaliré boh fisik naskahna boh eusina. Upama masarakat sadar, naskah anu diturunkeun ti karuhun téh teu saukur jadi jimat atawa banda anu kudu dipupusti wungkul, tapi bisa dimangpaatkeun élmuna. Réa masarakat anu miboga naskah, tapi henteu maham kana eusi tur fungsi anu nyangkaruk dina naskahna. Ieu hal jadi kasang tukang dina ieu panalungtikan. Utamana pikeun naskah anu masih sumebar di masarakat. ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep réa naskah anu kaguar tur bisa dimangpaatkeun ku masarakat.

Ti sakitu réana naskah anu aya di masarakat, dina ieu panalungtikan diguar naskah anu judulna *Punika Paragi Ngaruwat*. Ieu naskah mangrupa salasihiji koleksi pribadi ti Abah Iid, anu perenahna di Désa Pamekaran, Kacamatan Rancakalong, Kabupatén Sumedang. Ieu naskah kabagi kana opat bagian anu miboga eusi jeung fungsi anu béda unggal bagianna. Opat téks anu aya dina ieu naskah téh ngawengku téks mantra jeung téks kaagamaan. Salasihiji eusi tina ieu téks nyaéta prak-prakan dina ngalakukeun ngaruwat boh cara ngalaksanakeun ngaruwatna boh mantra anu dipapatkeun nalika ngaruwatna. Salian ti éta, di sajeroning naskah diguar ogé ngeunaan budaya hajat kifarát, du'a séh anu ditujukeun pikeun tawasulan, jeung cara sangkan jadi muslim sejati. Ditilik tina eusina, ieu naskah euyeub pisan ku rupaning pangaweruh utamana anu patali jeung budaya ogé kaagamaan. Ieu hal anu jadi cukang lantaran ieu naskah dipilih pikeun jadi objék dina ieu panalungtikan.

Panalungtikan ngeunaan naskah buhun geus réa dilaksanakeun saméméhna di antarana; "*Carios Babad Awak Salira: Edisi Teks dan Talaah Kandungan Isi*" ku Zainal Arifin Nugraha (2013), "*Kritik Teks dan Talaah Fungsi Naskah Wawacan Bidayatussalik*" ku Septiyadi Sobar Barokah Saripin (2013), "*Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Suluk Panji*" ku Rian Supriadi (2015), "*Tradisi Produksi Naskah Kaagamaan di Jawa Barat*" ku Saefullah (2018), "*Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Guguritan "Dangdanggula anu Jadi Mamanis" karya Kalipah Apo*" (*Ulukan Filologi jeung Hermeuneutik*)" ku Nanda Meilinda (2019), jeung panalungtikan séjénna anu sarua ngaguar ngeunaan naskah, transliterasi, tarjamahan, talaah fungsi, jeung ajén-inajén anu aya

dina naskah. Panalungtikan saméméhna dijadikeun référénsi pikeun ngawewegan ieu panalungtikan.

Sok sanajan geus réa panalungtikan anu ngaguar ngeunaan naskah buhun, tapi naskah *Punika Paragi Ngaruwat* mah can kungsi aya anu nalungtik. Ieu hal anu jadi kasang tukang pentingna ieu panalungtikan pikeun dilaksanakeun.

## 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, hal anu dipedar dina ieu panalungtikan ngawengku déskripsi, transliterasi jeung tarjamahan, sarta talaah fungsi naskah *Punika Paragi Ngaruwat*. Déskripsi naskah ngawengku idéntitas naskah di antarana, nyaéta: judul naskah, anu boga naskah, asal téks, aksara anu dipaké, basa anu digunakeun, jsb. Ari transliterasi, nyaéta mindahkeun aksara tina aksara Arab Pégon ka aksara latén anu satuluyna dilakukeun tarjamahan sangkan maham kana eusi naskahna. Panalungtikan dipungkas ku nganalisis fungsi téks boh anu dituliskeun sajeroning naskah boh fungsi anu aya disaluarkeun naskah.

Sangkan pedaran teu lega teuing ambahanna, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan jadi sababaraha hal saperti ieu di handap.

- 1) Déskripsi naskah *Punika Paragi Ngaruwat*.
- 2) Transliterasi jeung tarjamahan naskah *Punika Paragi Ngaruwat*.
- 3) Talaah Fungsi téks dina naskah *Punika Paragi Ngaruwat*.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, panulis nangtukeun sababaraha masalah anu satuluyna diébréhkeun dina wangun pananya, di antarana:

- 1) kumaha déskripsi naskah *Punika Paragi Ngaruwat*?
- 2) kumaha transliterasi jeung tarjamahan naskah *Punika Paragi Ngaruwat*?
- 3) kumaha fungsi téks naskah *Punika Paragi Ngaruwat*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal. Anapon tujuan dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus anu didadarkeun leuwih jéntré dina poin-poin ieu di handap.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngajaga naskah sangkan bisa dimangpaatkeun eusina dina kahirupan sapopoé ku cara ngaguar tur maluruh ngeunaan naskah jeung téks naskah *Punika Paragi Ngaruwat*.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan di antarana:

- 1) Ngébréhkeun déskripsi naskah *Punika Paragi Ngaruwat*;
- 2) midangkeun hasil transliterasi jeung tarjamahan téks naskah *Punika Paragi Ngaruwat*; jeung
- 3) ngadéskripsikeun hasil talaah fungsi naskah *Punika Paragi Ngaruwat*.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan, dipiharep miboga mangpaat, anu diwincik dina sababaraha jihat di antarana tina jihat téoritis, praktis, kawijakan, sarta tina jihat isu jeung aksi sosial.

### 1.4.1 Mangpaat dina Segi Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan pangaweruh anyar sarta bisa jadi référénsi pikeun panalungtik satuluyna anu sarua medar ngeunaan naskah, transliterasi, atawa anu ngaguar ngeunaan talaah fungsi naskah.

### 1.4.2 Mangpaat dina Segi Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan bisa diala mangpaatna dina sababaraha hal, di antarana:

- 1) pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh utamana élmu anu aya patalina jeung naskah. Panalungtik ogé miboga data hasil panalungtikan anu eusina ngeunaan transliterasi jeung pedaran ngeunaan fungsi anu aya dina ieu naskah;
- 2) pikeun masarakat, hasil déskripsi, transliterasi, jeung talaah fungsi bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh sarta bisa ngala mangpaat anu patali jeung ieu naskah;
- 3) pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif bahan ajar maca; jeung
- 4) pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pustaka pikeun panalungtikan ka hareupna.

### 1.4.3 Mangpaat dina Segi Kawijakan

Ku ieu tulisan, dipiharep bisa numuwuhkeun deui sumanget pikeun miara titinggal budaya utamana naskah anu ngandung informasi penting. Pikeun pamaréntah, hasil transliterasi naskah *Punika Paragi Ngaruwat* bisa dijadikeun bahan pikeun ngamumulé budaya daérah.

### 1.4.4 Mangpaat dina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa méré sumbangsih pikeun numuwuhkeun karep aktivis kasundaan dina ngainventarisir naskah anu aya di masarakat sangkan bisa dijaga tur dimumulé kalawan bener.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun tur dibagi jadi lima bab, kalawan runtuyanna saperti ieu di handap.

- 1) Bab I bubuka medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan umum jeung husus, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.
- 2) Bab II ulikan tiori, medar ngeunaan dasar tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, di antarana tiori ngeunaan filologi jeung talaah fungsi.
- 3) Bab III métode panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur atawa alur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.
- 4) Bab IV pedaran jeung hasil panalungtikan, ieu bagian minangka jawaban ti masalah anu nyampak. Eusi tina ieu bagian ngawengku déskripsi naskah, hasil transliterasi naskah, sarta talaah fungsi naskah.
- 5) Bab V kacindekan jeung rékoméndasi tina hasil analisis.